Yon Mesaj de Avoka Jeneral la



Anplwaye m yo avèk mwen ekri gid sa a pou ede w konprann kèk nan dwa ou genyen nan travay ou. Tout anplwaye nan Massachusetts gen dwa pou yo touche pou travay yo, ansanm ak anpil lòt pwoteksyon.

Nan gid sa a, ou pral jwenn enfòmasyon sou:

- konbyen yo dwe peye w;
- kilè ak kouman yo dwe peye w;
- dwa ou genyen pou pran tan lib nan travay ou;
- travay timoun;
- dwa anplwaye tanporè;
- ak lòt enfòmasyon ankò.

Biwo nou veye pou fè aplike lwa sa yo. Nou la pou sèvi w, kèlkeswa pozisyon ou devan sèvis imigrasyon. Kontakte nou, si ou gen nenpòt kesyon sou lwa sa yo oubyen sou dwa ou, oswa pou pote yon plent. Ou kapab pote yon plent nan biwo mwen, menm si ou te aksepte travay pou mwens, ak menm si ou te aksepte pou w pa rele kote w travay la devan lajistis.

Ou mèt gade nan pòtay entènèt nou an, oubyen rele nimewo telefòn espesyal pou jistis nan travay nou an pou plis enfòmasyon.

Ajans pou Jistis nan Travay
www.mass.gov/ago/fairlabor
(617) 727-3465
Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen 617-727-4765

Onnè Respè,

Attorney General Andrea Joy Campbell

Lwa ak Règleman

Salè Minimòm

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 1, 2, ak 2A

Apati de premye janvye 2023, salè minimòm nan Massachusetts se $15 pa lè. Nan Massachusetts, yo konsidere tout moun k ap travay tankou anplwaye; epi prèske tout nan kategori moun k ap travay yo dwe resevwa omwen salè minimòm la.

Travayè ki Touche Poubwa

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 7 nan M.G.L. Chapit 149, Seksyon 152A

Apati de premye janvye 2023, tarif sèvis nan Massachusetts se $6.75 pa lè. Moun k ap sèvi tab kliyan, moun k ap sèvi bweson nan ba, ak lòt travyè k ap sèvi kliyan dirèk epi k ap touche poubwa, kapab touche yon salè yo rele "tarif sèvis".

- anplwaye a touche plis pase $20 pa mwa nan poubwa, epi
- Poubwa mwayèn èdtan yo, plis pousantaj sèvis èdtan yo peye travayè a dwe egal a salè minimòm lan pou chak pòs yo travay (oswa plis).

Ni manadjè, ni sipèvizè, ni pwopriyetè biznis la pa janm dwe pran nan poubwa ou.

Anplwayè, pwopriyetè ak anplwaye ki gen responsablite kòm yon manadjè oswa sipèvizè nenpòt jou pa janm dwe pran okenn nan poubwa ou yo. nan sèvis.

Lè Travay Siplemantè

M.G.L. Chapit 151, Seksyon 1A ak 1B

Yo dwe peye w omwen 1.5 fwa tarif sèvis regilye a pou chak èdtan ou travay anplis 40 èdtan nan yon semenn. Tarif pou tan siplemantè pou travayè ki touche tarif sèvis regilye ak poubwa, se omwen 1.5 fwa salè minimòm lan.

Eksepsyon: Gen kèk kategori travay ak kèk kote moun travay ki pa konte pou tan siplemantè. Pou plis enfòmasyon, gade nan: oswa rele nan nimewo telefòn espesyal pou jistis nan travay la, ki se (617) 727-3465.

Peman Salè

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148

Sa ki konte kòm lajan ou touche (kidonk, salè ou) se peman pou tout tan ou travay, ansanm ak poubwa, peman pou tan vakans ou genyen, peman ou pral touche pou jou ferye, ak komisyon ou touche.

Anplwaye ki travay alè dwe resevwa peman yo chak semenn oswa chak 2 semenn (kenzèn). Dènye limit pou peye a, se 6 oubyen 7 jou apre peryòd pou peman an fini, dapre kantite jou anplwaye a te travay pandan yon semenn nan kalandriye.

Si yon anplwaye bay demisyon l, yo dwe peye l tout lajan li nan jou nòmal pou peman ki vini apre a, oubyen anvan dimanch ki vini apre a pase (si pa gen jou nòmal pou peman ki tabli). Si yon anplwaye revoke oswa lisansye, yo dwe peye l tout lajan li nan dènye jou li travay la.

Èdtan Travay

454 C.M.R. 27.02

Èdtan travay, oswa "tan travay" ou kalkile dapre tout tan ou:

- oblije la, nan kote ou travay la oswa nan yon lòt kote pou travay ou, ak
- tan travay ou pase anvan oswa apre lè travay nòmal ou.

Dediksyon sou Peman

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148

Kote ou travay la pa gen dwa fè dediksyon nan lajan travay ou pou kouvri depans nòmal pou biznis konpayi a, tankou depans pou founiti oswa pou ekipman ki domaje. Lalwa mete yon limit sou kantite lajan kote ou travay la kapab retire nan salè w pou lojman ak pou manje.

Patwon yo Pa Dwe Fè Vanjans

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148A nan
M.G.L. Chapit 151, Seksyon 19

Yon patwon pa dwe pini oswa fè diskriminasyon kont ou paske ou egzèse dwa w.

Prensip sa a aplikab pou tout travayè, kèlkeswa pozisyon w devan sèvis imigrasyon. Si yon patwon fè rapò oubyen menase fè rapò sou yon anplwaye ki pa gen papye imigrasyon bay otorite imigrasyon yo, paske anplwaye a pote yon plent kont yon vyolasyon, yo gen dwa rele patwon an devan lajistis ak/oswa fè li peye yon amann.

Souch Peman ak Enfòmasyon sou Peman

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148 nan
M.G.L. Chapit 151, Seksyon 15

Yo dwe remèt ou yon deklarasyon ansanm ak peman w, ki montre:

- Non ou, ak non kote ou travay la
- Dat peman an (mwa, jou, ak lane)
- Kantite èdtan ou travay pandan peryòd peman an, ak konbyen ou touche pou chak èdtan
- Tout dediksyon oswa ogmantasyon ki fèt pandan peryòd peman an

Kote ou travay la pa gen dwa fè ou peye pou souch peman an. Ou gen dwa gade pwòp dosye peman w, si ou mande pou fè sa nan yon tan ak yon kote rezonnab.

Repo pou Manje

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 100 ak 101

Nan pifò ka yo, anplwaye ki travay plis pase 6 èdtan dwe genyen yon peryòd repo 30 minit pou manje. Pandan tan repo sa a, ou pa dwe gen okenn travay yo ba ou fè, epi ou dwe gen dwa soti nan kote ou travay la. Yo kapab pa peye w pou tan repo sa a. Ou kapab aksepte travay pandan tan repo pou manje a, men lè sa a yo dwe peye w pou tan ou travay la.

Travayè ki Gen Mwens pase 18 an

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 56 - 105

Tout kote ki gen anplwaye nan Massachusetts dwe swiv lwa Eta a, ak lwa federal, sou anplwaye ki gen mwens pase 18 an. Lwa sa yo di kilè, ki kote, ak konbyen tan minè kapab travay, epi ki travay yo PA dwe fè. Tout anplwaye ki gen mwens pase 18 an dwe gen yon pèmi pou travay.

Anplwaye Gen Dwa Rele Patwon devan Lajistis

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 150; M.G.L. Chapit 151, Seksyon 1B ak 20

Ou gen dwa rele patwon w devan lajistis pou pifò nan enfraksyon li ka fè kont lwa sou salè ak sou tan travay yo.

Yon anplwaye kapab pote plent devan lajistis poukont li, oswa avèk yon gwoup moun ki vle pote plent ki menm jan. Si anplwaye yo genyen pwosè a, y ap resevwa peman aryere, ansanm ak twa fwa domaj ak enterè, plis lajan yo depanse pou avoka, ak lajan yo peye pou pwosè a.

Enpòtan! Gen limit dat rijid pou kòmanse yon pwosè - anjeneral sa dwe fèt anvan 3zan pase, apre enfraksyon an.

Èske ou Gen Kesyon? Pote yon plent nan tribinal, se yon demach ki konplike. Gade nan adrès entènèt www.mass.gov/ago/fairlabor. Oubyen rele nimewo telefòn espesyal pou jistis nan travay la (Fair Labor Hotline), ki se (617) 727-3465, pou plis enfòmasyon.

Lwa ak Règleman, ctd.

Konje Maladi

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 148C

Ou gen dwa pran 1 èdtan konje maladi pou chak 30 èdtan ou travay. Ou kapab rive genyen, ak pran jiska 40 èdtan konje maladi chak ane. Ou dwe kapab sèvi avèk konje maladi w 90 jou apre premye jou ou antre nan travay la.

Ou gen dwa sèvi avèk konje maladi w si ou menm (oswa pitit ou, moun ou marye a, paran w oswa paran moun ou marye a) nan ka sa yo: **malad, fè aksidan**, oswa genyen yon **randevou medikal pou woutin**. Ou gen dwa sèvi tou avèk konje maladi w pou ou menm oubyen pou pitit ou, si nou gen yon ka vyolans anndan lakay nou.

Konpayi ki genyen 11 anplwaye oubyen pi plis dwe peye anplwaye yo pou konje maladi. Konpayi ki genyen mwens pase 11 anplwaye yo dwe rekonnèt konje maladi, men yo pa oblije peye pou sa. Pou plis enfòmasyon, gade nan: www.mass.gov/ago/earnedsicktime.

Rapò sou Peman

454 C.M.R. 27.04(1)

Si yo mete w sou orè travay pou 3 èdtan oswa pi plis, yo dwe peye w omwen 3 èdtan nan salè minimòm lan, pou pi piti, si ou:

- vini nan travay la alè, epi
- yo pa kite w travay pandan tout tan ou te sou orè travay la.

Dwa Travayè Tanporè pou Konnen kisa Lalwa di

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 159C

Gen enfòmasyon ajans pou travay tanporè ak rekritman yo dwe ba ou sou papye, chak fwa yo pral voye w travay nan yon nouvo kote.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Department of Labor Standards [Depatman sou Kondisyon Travay] la nan nimewo 617-626-6970. Oubyen ale nan adrès entènèt, www.mass.gov/dols.

Deklarasyon sou Dwa Moun ki Travay Kay Moun

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 190

Travayè ki okipe kay moun, fè lesiv, okipe timoun, kwit manje, administre kay moun, swen moun ki gen anpil laj, oswa ki fè lòt sèvis konsa kay yon moun, genyen kèk lòt lwa anplis, ki pwoteje yo nan travay. Pou plis enfòmasyon, gade nan adrès www.mass.gov/ago/DW.

Konje nan Ka Vyolans Anndan Kay

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 52E

Si ou menm oubyen yon moun nan fanmi w viktim vyolans anndan kay, atak seksyèl, moun k ap pouswiv nou anbachal, oswa moun ki kidnape nou, ou gen dwa mande **15 jou** konje nan travay ou pou fè aktivite ou bezwen, tankou:

- ale chèche swen pou sante, oswa konsèy, oswa sèvis pou viktim
- chèche kote ou ka rete san danje
- okipe oswa fè okipe timoun
- chèche avoka, mande lòd tribinal pou pwoteksyon, parèt nan tribinal, elatriye...

Lwa sa a aplikab pou konpayi ki gen 50 anplwaye oubyen pi plis.

Lwa sou Konje pou Regle Ti Aktivite

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 52D

Ou ka gen dwa pou w pran jiska 24 èdtan konje san peye chak 12 mwa pou rezon sa yo:

- randevou kay doktè oswa kay dantis, oubyen
- mennen yon moun nan fanmi w ki granmoun kay doktè oswa kay dantis, oubyen nan lòt randevou kote pou yo okipe li.

Ou kalifye pou konje konsa si kote ou travay la genyen 50 anplwaye oswa pi plis, epi si ou travay nan kote sa a pandan omwen 1 250 èdtan nan 12 mwa ki fenk pase yo.

Patwon yo Pa Dwe Fè Diskriminasyon

M.G.L. Chapit 149, Seksyon 105A;
M.G.L. Chapit 151B, Seksyon 4

Anjenneral, yon patwon pa dwe peye w mwens, si ou fè menm travay oubyen yon travay ki konparab avèk sa yon lòt anplwaye ki pa yon fi oubyen yon gason menm jan avèk ou fè.

Yo pa dwe fè diskriminasyon nan chwazi anplwaye, nan salè ni nan lòt fòm konpansasyon, ni nan lòt kondisyon sou travay ou dapre:

- ras, koulè, relijyon, peyi ou soti, oswa zansèt ou
- si ou se yon gason oswa yon fi (ni paske ou ansent), si sou chwazi renmen yon moun ki se gason oubyen fanm parèy ou, idantite seksyèl ou, oswa si ou prezante tèt ou tankou yon gason oubyen yon fi
- enfòmasyon jennetik oswa andikap
- laj ou
- si ou fè oubyen si ou pa fè sèvis militè

Resous

Èske ou gen kesyon sou salè ak sou lè travay?

Biwo Avoka Jeneral Andrea Joy Campbell Ajans pou Jistis nan Travayè
(617) 727-3465
(617) 727-4765 (TTY pou moun ki pa tande byen)
www.mass.gov/ago/fairlabor

Ajans Etazini pou Salè Travayè ak Lè Travay
866-4-USWAGE
877-889-5627 (TTY pou moun ki pa tande byen)
www.dol.gov/whd

Depatman sou Kondisyon Travay nan Massachusetts
(617) 626-6975
www.mass.gov/dols

Èske ou gen kesyon sou sante ak sekirite nan travay ou?

Ajans Etazini sou Sante ak Sekirite nan Travay (OSHA)
(617) 565-9860
www.osha.gov

Ajans sou Aksidan Endistriyèl nan Massachusetts (DIA)
www.mass.gov/dia
(617) 727-4900

Depatman Sante Piblik nan Massachusetts (DPH)
(617) 624-6000
www.mass.gov/dph

Èske ou gen kesyon sou pwoteksyon kont diskriminasyon?

Biwo Avoka Jeneral Andrea Joy Campbell
Ajans sou Dwa Sivik
(617) 727-2200
www.mass.gov/ago/civilrights

Komisyon Kont Diskriminasyon nan Massachusetts (MCAD)
(617) 994-6000
www.mass.gov/mcad

Komisyon sou Chans Egal nan Travay nan Etazini (EEOC)
(617) 565-3200
www.eeoc.gov

Biwo Avoka Jeneral Andrea Joy Campbell

Gid sou Dwa ak Responsabilite nan Travay

Commonwealth of Massachusetts

One Ashburton Place
Boston, MA 02108
(617) 727-3465
www.mass.gov/ago/fairlabor